



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE
40,000 PWOFESSIONÈL SANTE TE ENSKRI POU FÈ VOLONTARYA NAN KAD
GWO MONTE EKIP SWEN SANTE A**

*Plis pase 6,000 pwofesyonèl sante mantal te enskri pou bay sèvis sante mantal
gratis sou entènèt - Nouyòkè yo kapab rele 1-844-863-9314 pou pran yon
randevou*

Ankouraje gouvènman federal la aplike 'deplwaman kontini' ekipman ak pèsònèl

*Plan NYC pou rezoud mank adezyon ak pwotokòl pou distans sosyal yo gen
ladan oryantasyon pou fèmèn lari yo pou anpeche machin epi louvri yo pou
pyeton*

*Four Seasons Hotel nan 57th Street pral bay chanm gratis pou pèsònèl medikal
ki nan premye liy yo*

*PSC òdone sèvis piblik yo pou sispann ogmante tarif, sa ki ap bay soulajman ak
apeprè 2 milyon fanmi ak biznis*

*Konfime 5,146 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout
Eta a nan 30,811; nouvo ka nan 36 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke jiskaprezan gen 40,000 pwofesyonèl swen sante, ki gen ladan moun ki retirete ak etidyan, ki te enskri kòm volontè pou travay nan kad gwo monte ekip swen sante a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a, kote gen plis ki ta dwe enskri nan semèn k ap vini yo. Anplis de sa, plis pase 6,000 pwofesyonèl sante mantal te enskri pou bay sèvis sante mantal gratis sou entènèt. Nouyòkè yo ka rele liy asistans gratis Eta a nan 1-844-863-9314 pou pran yon randevou gratis.

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Vil New York pral oryante pou fèmèn lari pou anpeche machin epi louvri yo pou pyeton nan kad plan vil la pou rezoud mank adezyon ak pwotokòl distans sosyal yo. Nan kad plan an, Gouvènè a adopte tou yon pwotokòl volontè dansite sosyal sou teren jwèt ki entèdi espò ki mande kontak pre tankou baskètbòl.

Gouvènè a te ankouraje gouvènman federal la tou pou aplike yon "deplwaman kontini" ekipman ak pèsònèl pou rezoud bezwen kritik zòn sansib yo ki gen anpil kantite ka COVID-19 pozitif olye pou bay kantite ki limite bay tout peyi a yon sèl kou. Nan kad

plan an, Gouvènè a te pran angajman pou jere li menm deplwaman founiti ak ekipman ak asistans teknik pou pwochen zòn sansib yo nan peyi a yon fwa kantite ospitalizasyon nan Eta New York kòmanse bese.

Gouvènè a te anonse tou ke Four Seasons Hotel nan 57th street nan Manhattan se premye nan plizyè otèl ki bay enstalasyon yo pou sèvi kòm lojman pou enfimyè, doktè ak pèsònèl medikal la pandan kriz sa a. Otèl 350 chanm lan pral bay pèsònèl medikal k ap travay aktyèlman an lojman gratis pou reponn ak epidemi kowonaviris la.

"New York se kanari nan min chabon an - nou gen plis ka pozitif nan nasyon an ak bezwen ki pi kritik pou ekipman ak pèsònèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap fè tout sa nou kapab pou bese koub la epi ralanti pousantaj enfeksyon an pou kantite moun k ap entène yo pa depase sistèm swen sante nou an. Plizyè milye Nouyòkè te volontè san pwoblèm pou fè pati gwo monte ekip swen sante nou an epi sipòte kapasite lopital pou resevwa mas moun men nou bezwen plis vantilatè ak plis kabann lopital kounye a epi nou bezwen èd gouvènman federal la pou jwenn yo. Plizyè rejyon gen diferan koub nan diferan moman men New York se premye epi yon fwa nou travèse sitiyasyon sa a, nou ka itilize eksperyans nou ak founiti nou yo pou ede lòt eta yo travèse pandemi sa a".

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) la te apwouve jodi a lòd pou ranvwaye ogmantasyon tarif yo pou apeprè 2 milyon kliyan New York American Water ak National Grid nan nò Eta a ki te pwograme pou antre anvigè nan dat 1ye avril. Sa pral bay soulajman pou fanmi ak biznis yo ke COVID-19 la afekte. Ogmantasyon NYAW a pral antre anvigè kounye a nan mwa septanm epi National Grid nan nò Eta a pral antre anvigè nan mwa jiyè. Sa yo se sèl gwo sèvis piblik nan Eta New York ki te gen pou ogmante tarif yo nan dat 1ye avril. Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) la mande lòt sèvis piblik yo pou konsidere ranvwaye ogmantasyon tarif yo, tou depann de rediksyon kontini mouvman yo akòz ijans sante piblik COVID-19 la.

Finalman, Gouvènè a te konfime 5,146 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 30,811 ka konfime nan Eta New York. Nan total 30,811 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	152	6
Allegany	2	0
Broome	11	2
Cayuga	2	0
Chautauqua	1	1
Chemung	1	0
Chenango	3	0
Clinton	10	2
Columbia	12	1

Cortland	2	0
Delaware	5	2
Dutchess	153	29
Erie	122	15
Essex	4	1
Franklin	1	1
Fulton	1	0
Genesee	2	1
Greene	4	0
Hamilton	2	0
Herkimer	5	1
Jefferson	2	0
Livingston	3	0
Madison	7	2
Monroe	118	22
Montgomery	4	1
Nassau	3285	416
Niagara	12	1
NYC	17856	2952
Oneida	9	1
Onondaga	65	5
Ontario	9	2
Orange	638	140
Orleans	2	0
Oswego	2	0
Otsego	2	1
Putnam	84	17
Rensselaer	31	1
Rockland	968	297
Saratoga	64	4
Schenectady	55	9
Schoharie	2	1
St. Lawrence	1	0
Steuben	8	3
Suffolk	2260	380
Sullivan	39	9
Tioga	1	0
Tompkins	16	0

Ulster	65	18
Warren	2	0
Washington	4	1
Wayne	7	1
Westchester	4691	800
Wyoming	4	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)